Аннотаци
Нохчийн меттан программин лерина
5 – 9-чуй классашна.

Нохчийн меттан коьрта юкъардешаран ишколана лерина программа хIоттийна:
Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан, коьртачу дешаран программин буха т1ехь;
С.Э.Эдиловн нохчийн меттан герггарчу хьесапехь йолчу программин буха т1ехь
Кху тIехь тидаме эцна юккъерчу юкъардешарна леринчу массо а тайпана дешаран декъан гIуллакхаш кхиоран а, вовшахтохаран а программин коьрта идейш а, лехамаш а, юьхьанцарчу юккъерчу дешаран герггарчу программашца йозаелла а, тIаьхьало йолуш а хилар.
Программа – иза белхан программа хIотторан бух бу: цо билгалдо инвариантни (тIедоьжна декхар долу) дешаран дакъа а, шел тIаьхьа шен лаамехь дешаран чулацамах вариативни дерг харжа таро луш долу дакъа а. Юккъерчу юкъардешаран ишколана лерина герггарчу хьесапехь йолу программа шен чулацаман башхаллашца къаьсташ ю, цкъа-делахь, юккъерчу юкъардешаран системин предметийн чулацамца, шолгIа-делахь, Iамочеран психологически а, хенийн а башхаллашца.

Программа кхаа декъах лаьтта:
1. «Дешаран предмет караерзорехь кхочушдан лору жам1аш». Кхузахь довзийтина, хIун меттиг дIалоцу нохчийн матто юккъерчу юкъардешаран Iалашонашка кхачош; нохчийн мотт Iаморан Iалашонаш а, жамIаш а билгалдаьхна масех тIегIанехь – личностни, метапредметни, предметни; нохчийн маттах лаьцна юкъара хаамаш белла, базисни дешаран планехь цо дIалоцу меттиг а къастийна.
2. «Дешаран курсан чулацам». Дакъошка бекъна, Iамо билгалбина чулацам къастийна кхузахь.
3. «Дешаран-тематикин хьесап». Дешаран курсан теманаш, хIора тема Iаморна лерина сахьташ къастийна.

Дешаран-методически комплект (УМК)

I. Юккъерчу юкъардешаран ишколашна лерина нохчийн меттан Iаматаш:
1. Овхадов М.А., Махмаев Ж.М., Абдулкадырова Р.А. 5, 6-чуй классашна.
2. Овхадов М.А., Абдулкадырова Р.А. 7-чу классана.
3. Джамалханов З.Д., Вагапова Т.М., Эсхаджиев Я.У., Овхадов М.Р., Абдулкадырова Р.А. 8 – 9-чуй классашна.
II. Нохчийн меттан Iаматашна методически хьехамаш.
III. Диктантийн, изложенийн гуларш. Тайп-тайпана тексташ, тесташ.
IV. Дешаран дошамаш.
V. Белхан тетрадаш.